Wolofalu Sëriñ Musaa Ka

Taxmiis

Sungeen dégloo tay jii nu laabiire gaa yu baax

Yi naa ay wolof baaxul te rëy day sewal ku baax

Ku rëy bay damoo néegub ndayam mbaa baayam bu baax

Nu sew tey damoo seex bàmba ngir moo fi xotti baax

Te moo fiy wolof boo xam ne yaaram ya amti ko

Danuy feddaleetig cant ngir Bàmba moo nu may

Nu jébbalu ànd ak moom nde kon leegi noo ngi moy

Nde yéefër yi ak naaféq yaa ngii di moy di wéy

Te noo ngii ci lislaam nun di waareek a saddi way

Ba far noo ngi wax loo xam ne yaaram ya waxti ko

Te ag cant war nab jaam nde yàllaa ne "faskuroo"

Te cant ay waral ndollan na ngeen mel ni ñuy gëroo

Te muñ war na bépp ub jaam nde yàllaa ne "fasbiroo

Te daw jëm ci yàllaa gën nde Yàllaa ne "infiroo"

Ku daw sant muñ am lol sunuy nawle amti ko

Te wallaahi fas naa yéene man ŋoy ci Ahmadaa

Donoy "xayru xalxil laahi ahnii Muhammadaa"

Te doyloo ko wëllis ñépp tey xeeñtu lam ma daa

Digal yalfandoo taalif yi tey tagg Ahmadaa

Ku koy yoxomal nee leen ko man maa ngi jàpp ko

Te def werekaanam wow da may way di wer-weri

Di booley tagg ak jooy mbër ma saa xol di war-wari

Su may bëgg a miis ronqooñ ya far yol di car-cari

Samag naw di dog saa fit wi jaaxaan di fér-féri

Ma def waa ju wéet joo xam ne wéttal wa raw na ko

Waxal gaa yi may gotteek a suufeel ci ay taggam

Ne leen "innakum humyun wa summum mahal bakam"

Melow gumba saftil gaa yi njàccaar buleen gëlëm

Te xélleer yi jébballeen Sëriñ Bàmba seen i tum

Du moo gën palamtuy làmbtuy wéy ba teggi ko

Te waykat ba daa way Mustafaa matl a jomb a way

Ku koy jomb a way buntam la ñuy tëj ba dóotu wéy

Te man géej ga muy duusoo ca mahnaa ya laa ko fay

Li ngeen diy wolof moo tee ma def koy araab yu rëy

Te Bàmbay wolof sut bépp yaaram ba gétti ko

Bu yawmal xiyaamee bab araab puukarey waxam

Da naa wax sëriñ tuubaa lu tax bab araab wedam

Tërub wolof ak bob yaaram ak wax yi yépp a yam

Lu jóg ngir rasuulal laahi baatin ba saf xorom

Danaa xelli meew moo xam ne yaaram ya sowti ko

Xanaa yërmandee tax tay "luxay" wax yi tàggaloo

Dugoon ak Rasuulal Laahi làmmiñ yi taqaloo

Nde mbaaxam gi moo tax Alxuraan wàcc toggaloo

Di yaaram, ya maamam yay xuraysin di càllaloo

Lilee tax ba furxaan ngën gi yaaram ya wattu ko

Te làmmiñu Muusaa tax ba tawreetu saf xorom

Te làmmiñu Iisaa tax ba injiilu dib cëram

Sabuuraa taxoon Daawuuda làmmiñ wa mel ni lem

Su daa jàng nit ñeek jinne yeek rab yi bokk gëm

Ku xam lii ma wax doo suxlu waykat ba gotti ko

Dexug Kayre man laa naa ne ak Baabakar Sadeex

Nde ñoo xuus ci géejug Bàmba bay xelli ndox mu neex

Sëriñ bee di géej ug Yàlla nëxtil ba mel ni ñeex

Sëriñ boo lëmbaajey bóoti biiram mu andi téex

Sëriñ Bàmba moom saahir sa baatin ba yàqu ko

Du dóor ndaw du merloo mag manul gan tëley dëkkam

Amul xaarma-yàlla ak nit du xas nit ci waa këram

Defut xejj buy jël saahiram sànge baatinam

Xañul nit mbirum biiram xañul nit mbirum kawam

Mbirum saahiram ak baatinam darra yàqu ko

Rittax naa la paxtab Yàlla yaw waa ji may sewal

Ndegam gis nga kem seex Bàmba miy tax ma dib géwal

Ku sempal ba sellal nàttangook moom ba lëf desul

Ci bokkam yi mbaa jàmbur yi mbaa gaa yi koy dikkal

Ma jébbal ko saa mbir def muriitam te topp ko

Na kay jóg di mbër moo xam ne mbër yépp weg na ko

Dëddug bàmba ga ak diineem ja bijjaaw ba yàqu ko

Te diineem ja ak maandoom ga am-am ba dàqu ko

Te xam-xam ba ak sellal ga sañ-sañ ba yàqu ko

Boroom saahir ak baatin la moo tax nu topp ko

Lilee tax ma wuuteek gaa yu rëy yiiy sewal wolof

Wolof yaa ngi semmal naar yi daa jàng bay waliif

Sëriñ Bàmba moo gën naar ya jàngoon ba wann lef

Ñu weex ñaa ngi koy raamal ñu ñuul ñaa ngi daw di jëf

Sëriñ bee fi feeñal ceex gu gànnaar ga amti ko

Dugoon ak melow Seex Bàmba baaxug wolof du feeñ

Nde moo mel melow yonnen ba waa Màkka daa ko jiiñ

Muhammadu habdul laahi ngir aw banam la xeeñ

Da daa làq ay daahif di fat lawbe yaak i seeñ

Ku ñëw yóbb may goo xam ne seen maam ya amti ko

Adunyaa ngi mel new fel fi moom mbaate dëññu teeñ

woroom ay tëndëñ xàmmeewu leen ak woroom i téeñ

Lilee tax mu daa tuubloo dammeel ak maxaak i teeñ

Ku mel nii ku am leek moom na leen wóor ne yaa ko tooñ

Du tooñ nit te boo tooñee mu jéggal la tin la ko

Amul jàmbur ak mbokk ak mag ak ndaw ci aw meloom

Wurus mbaate xaalis mbaa bëy ak xar nag ak galéem

La daa buub di jox ñay laaj du kuy néggandeek a leem

Fu waamew ngëneelam sébbi buñ sepplee nga luum

Te loo laaj lu rëy rëy rëy mu fab loola jox la ko

Melow Bàmba wa ak xarbaax ya jaaxal na gaa yi biir

Ba ñoñ kaw ña ak ñoñ suuf ña naa Yàlla yaa di buur

Lilee tax wolof ya ak naar ya way-baax yi yépp buur

Di xaadam yu ànd ak moom mu far soppi leen i buur

Na leen wóor ne Bàmbaay waane kum sopp sopp ko

Gisal saahiras gaayam yi daa war ci naaru góor

Mu teg cay wata ak luy naaw Suleymaan la am ci nguur

Ñu naa déet mu jël waa Mbàkke def leen ñu diy lingeer

Mu far xotti Mbàkkeek Daaru ay mbedd ñuy bëngéer

Saxaar gaa ngi dem Tuubaa ku dawtil ba teggi ko

Kajoor ak Bawal Siin Saalum ak Fuuta ak Jolof

Ña ngay wal-wali jëm Mbàkke jàppoo xëlëf-xëlëf

Te ñoo yay ne Mbàkkee aaye buur Yàlla moo ko def

Ku dof bay gannaawal Bàmba nee leen ko mooka dof

Su tuubul ba dee dem naari jaanam ya màtt ko

Faral noppi yaw Muusaa ngir ag gumba ràññeewul

Guddeek bëccëg ak leer ak lëndëm gët ya gimmiwul

Borom xol bu gumbaa raw borom gët yu fettagul

Yëral "hajji, laa tahmaaŋ" fa wuy xol bu mar-maral

Maneeful a wommat kooka ngir tum ba yotti ko

Jullil nag ci yonnen ngën ci kuy doomi haasimi

Te mooy baayi ibraahiima tey baayi xaasimi

Te moo tax boroomam bind kuy doomi aadami

Halayhi salaatul laahi ba kun bi xaatami

Mahal aali wal ashaabi yaaram ya wax na ko

Aji-bind ji: Seex Lóo

Ngir bokk ci mbootaayug WAX (Wolof Ak Xamle) jokkool ci limat yii 76 317 83 17 / 78 426 61 25.